

## **Gid pou Sèvis Sipò Timoun**

Biwo Egzekisyon Sipò Timoun (Office of Child Support Enforcement, OCSE) konsidere timoun yo dabò lè n ap ede paran yo pran responsablite yo pou byennèt ekonomik ak sosyal ak establi pitit yo. Nou rekonèt kijan pi bon relasyon avèk toulède paran yo enpòtan. Kèk nan sèvis pou paran ki se gadyen pitit li (paran k ap viv avèk pitit yo epi k ap pran swen pitit yo) se chèche paran ki pa gadyen timoun nan (paran ki p ap viv nan kay la), pou detèmine patènite a, pou remèt lòd pou prezante nan tribinal, pou ede detèmine sipò timoun nan ak sipò medikal dapre lòd tribinal, epitou pou touche lajan ak ranfòse lòd sa yo. OCSE ede paran ki pa gadyen pitit yo. Pou fè sa, yo ofri pwogram pou ede paran yo satisfè obligasyon sipò timoun yo, epi pou kontwòle dosye sipò timoun yo. Yo bay sèvis yo pou tout paran yo kèlkeswa revni yo touche ak kondisyon imigrasyon yo.

### **RECHÈCH POU JWENN PARAN KI P AP VIV AVÈK TIMOUN NAN (NONCUSTODIAL PARENT, NCP)**

Si nou pa konnen adrès kay ak/oswa adrès travay paran ki p ap viv avèk timoun nan, paran k ap viv avèk timoun nan kapab toujou chèche sipò timoun. OCSE ap fè yon rechèch nan òdinatè pou jwenn moun nan, kèlkeswa eta kote paran ki p ap viv avèk timoun nan ka ap viv ak/oswa travay.

Si ou bay tout kantite enfòmasyon ki posib pou anplwaye sipò timoun sa kapab ede yo fasilite pwosesis idantifikasyon ak kote a. **Pyès enfòmasyon ki pi enpòtan paran k ap viv avèk timoun nan kapab bay se yon dokiman ki montre non ak nimewo sekirite sosyal paran ki p ap viv avèk timoun nan.**

### **SÈVIS POU BAY PAPYE POU PREZANTASYON NAN TRIBINAL**

Depi yon petisyon fèt pou yon odyans sipò timoun nan tribinal ki okipe zafè fanmi, paran ki p ap viv avèk timoun nan dwe resevwa yon papye pou prezante nan tribinal la. OCSE bay sèvis pou remèt papye pou prezantasyon nan tribinal pou moun ki aplike pou sipò timoun nan Vil New York. Pou nouvo ka yo ak moun ki mande modifikasyon, nou bay sèvis papye pou prezantasyon nan tribinal avèk sèvis priyorite lapòs. Si paran ki p ap viv avèk timoun nan pa prezante nan premye odyans lan oswa si nou fè petisyon akòz yon vyolasyon, OCSE ap bay sèvis pèsònèl avèk biwo Cherif la. Si paran k ap viv avèk timoun nan vle, li ka mande yon moun pou remèt paye pou prezantasyon nan tribinal la pou li. Paran k ap viv avèk timoun yo pa ka remèt papye pou prezantasyon nan tribinal la pou tèt yo.

## **FASON POU DETÈMINE PATÈNITE**

Patènite vle di lè yon gason se papa. Detèminasyon patènite vle di idantifikasyon legal papa yon timoun ki fèt nan paran ki pa marye. Si toulède paran yo dakò, yo kapab siyen yon fòm Rekonesans Patènite nan lopital la oswa nan sant akouchman an imedyatman tibebe a fèt oswa nenpòt lèt jouk lè timoun nan vin gen laj 21 ane. Si yo kapab detèmine patènite a nan metòd volontè, yo kapab detèmine sa nan yon odyans tribinal ki okipe zafè fanmi kote jij la ap bay yon lòd relasyon. Depi yo detèmine patènite a, y ap voye enfòmasyon sou papa a ba Rejis Papa Sipoze (Putative Father Registry, PFR). PER konsève yon dosye papa legal yo nan Eta New York epi nou ka kontakte yo sou zafè eritaj ak adopsyon ak nenpòt lòt zafè legal ki egzije pou yo bay avi pou papa yon timoun.

## **TÈS ADN**

Si gen nenpòt ensètitud sou idantite papa a, mande ofisye leta sivil ki nan lopital la oswa kontakte Inite Sèvis Èd Sosyal OCSE nan nimewo (929) 221-5008 pou jwenn enfòmasyon sou tès ADN ki pa koute chè. Si ou marye, oswa si ou deja gen yon lòd sipò timoun ki anplas, ou dwe fè yon demann pou tès ADN nan tribinal. Si yon rezilta yon tès ADN negatif pou papa sipoze a, tribinal p ap sispann lòd sipò timoun nan otomatikman. Yon odyans tribinal ap obligatwa, epi Majistra Sipò a ap pran yon desizyon ki nan pi bon enterè timoun nan.

## **DETÈMINASYON Lòd SIPÒ TIMOUN**

Se yon Majistra Sipò k ap deside ki kantite lajan ki dwe nan sipò timoun nan. L ap pran desizyon an nan yon odyans k ap fèt nan tribinal ki okipe zafè fanmi. Yon lòd sipò dwe gen ladan sipò finansye ak sipò medikal. Sipò medikal vle di peman pou pwoteksyon asirans sante ak kopeman asirans pou timoun nan. Lòd la ka gen ladan tou depans pou edikasyon ak gadri. Si li nesèsè, yo ka detèmine patènite a nan tribinal, anplis lòd sipò timoun nan. Toulède paran yo gen obligasyon pou prezante nan odyans lan epitou pou yo pote tout kantite enfòmasyon otank posib pou Majistra Sipò a kapab detèmine lòd sipò timoun nan.

## **REKOUVREMAN PEMAN SIPÒ TIMOUN**

Si peman lòd sipò a dwe fèt nan Inite Rekouvremant Sipò (Support Collection Unit, SCU) OCSE, n ap resevwa peman yo nan men paran ki p ap viv avèk timoun nan sou yon baz regilye epi n ap voye peman yo sou fòm elektwonik nan depo dirèk sou kont labank paran k ap viv avèk timoun nan, oswa nan pwogram EPPICard Debit MasterCard Eta New York. Kliyan sipò timoun yo ap antre otomatikman nan pwogram EPPICard Debit MasterCard avèk yon posiblite pou yo transfere nan depo dirèk nan kont labank yo. (*Gade paj 4 pou jwenn yon fòm aplikasyon pou depo.*) Sant ki Travay sou Sipò Timoun (Processing Center) nan Eta New York p ap voye chèk ankò sof si ou nan yon sitiyasyon difisil.

Paran k ap viv avèk timoun yo epi k ap resevwa èd lajan kach ap kenbe premye \$100 dola a (\$200 dola pou 2 timoun oswa plis) nan sipò timoun yo touche chak mwa. Peman sa a rele yon peman bonis oswa yon peman verifye epi nou peye li ba kliyan an nan Transfè Elektwonik Avantaj (Electronic Benefit Transfer, EBT). Nou itilize rès lajan sipò timoun nou touche a pou ede ranbouse avantaj lajan kach gouvènman an peye ba paran k ap viv avèk timoun nan.

## **EGZEKISYON Lòd SIPÒ TIMOUN**

Si peman yo anreta, OCSE gen otorizasyon pou egzekite ranfòse lòd sipò timoun yo avèk mwayen administratif/mwayen otomatize. Si metòd administrasyon yo pa efikas oswa si yo pa apwopriye pou rekouvremant sipò timoun, entèvansyon tribinal pou egzekisyon sipò a ka obligatwa:

## Mwayen administratif/otomatize – aksyon tribinal pa obligatwa

- Ogmantasyon pwovizwa kantite lajan sipò timoun nou touche jouk lè dèt la peye nèt
- Konpansasyon ranbousman lajan taks
- Sezi lajan lotri
- Egzekisyon sou pwopriyete
- Sispansyon lisans pou kondi
- Rapò ba kredi biwo
- Referans nan Depatman Taksasyon ak Finans (Department of Taxation and Finance)
- Refi pou nouvo paspò ak renouvèlman paspò
- Refi pou nouvo lisans biznis ak lisans pwofesyonèl Vil New York epitou refi pou renouvèlman

## Mwayen jidisyè – odyans tribinal obligatwa

- Dwa privilèj sou pwopriyete
- Patisipasyon nan yon pwogram pou jwenn travay (STEP)
- Jijman pou peye lajan avèk enterè k ap ogmante
- Sispansyon lisans pwofesyonèl, lisans biznis, ak lisans metye
- Rekòmandasyon pou yo pouswiv ou nan lajistis kòm kriminel
- Arestasyon/anprizònman

## **MODIFIKASYON LÒD SIPÒ TIMOUN**

Nenpòt paran ka fè yon petisyon pou modifiye lòd sipò timoun nan akò yon chanjman enpòtan nan sikonstans yo. Tribinal la ka ogmante kantite lajan lòd sipò a si revni paran ki p ap viv avèk timoun nan ogmante oswa si timoun gen plis bezwen. Tribinal la ka diminye kantite lajan lòd sipò a si paran ki p ap viv avèk timoun nan gen diminyasyon nan revni li ki pa t planifye. Prensip ofisyèl ki endike anba la yo pou modifikasyon an aplike pou **lòd sipò timoun yo detèmine nan dat 13 oktòb 2010 oswa apre dat sa a.**

- Twa (3) ane pase depi lè tribinal te detèmine lòd sipò a, depi lè yo te modifiye li, oswa depi lè yo te ajiste li.
- Gen yon chanjman nan revni nenpòt paran anvan dediksyon a kenz pousan oswa plis depi lè tribinal te detèmine lòd sipò a, depi lè yo te modifiye li oswa depi lè yo te ajiste li. Nenpòt diminyasyon nan revni an dwe se yon diminyasyon ki pa volontè, epi paran ki fè konnen revni li diminye a dwe te eseye jwenn travay ki apwopriye pou edikasyon li, konpetans li ak eksperyans li.
- Moun ki nan prizon ka fè yon petisyon pou modifikasyon akòz yon chanjman enpòtan nan sikonstans yo depi anprizònman yo se pa paske yo pa peye sipò timoun oswa se pa yon zak yo fè kont paran ki se gadyen timoun oswa kont timoun nan.

Nenpòt chanjman nan lòd la ap retounen nan dat yo te fè petisyon an nan tribinal la, pa nan dat te gen chanjman nan sikonstans yo.

Nou ka ogmante lòd sipò timoun nan avèk yon Ajisteman Koudlavi (Cost of Living Adjustment, COLA), san ou pa retounen nan tribinal. COLA ap ogmante kantite lajan lòd sipò timoun nan dapre ogmantasyon koudlavi a. Kontrèman ak modifikasyon yo ki fèt nan tribinal ki okipe zafè fanmi, se OCSE ki fè ogmantasyon COLA yo, pou sèten kantite lajan, san nou pa retounen nan tribinal. Se yon sistèm enfòmasyon ki revize dosye sipò timoun yo otomatikman pou detèmine si yo kalifye pou COLA. Dosye yo dwe gen omwen dezan oswa yo dwe gen lòd sipò timoun ki pa t modifiye nan dènye dezan yo. N ap voye avi ba paran yo lè dosye yo vin kalifye pou COLA.

# Direct Deposit Enrollment Form

If you wish to enroll in Direct Deposit you must fill out this form and return it to us.

**Directions:**

1. Complete **BOTH** sections below and return this form, **ONLY** if you wish to enroll in Direct Deposit.
2. Return the completed form to: NYS Child Support Processing Center, PO Box 15367, Albany, NY 12212-5367
3. For any questions on how to complete this form, contact 888-208-4485, TTY 866-875-9975, Video Relay Service ([www.fcc.gov/encyclopedia/trs-providers](http://www.fcc.gov/encyclopedia/trs-providers)).

## A. Required Information for Enrolling in Direct Deposit to be Completed by the Enrollee

The following information must be provided. If ANY information is missing, the form will be returned for completion.

Your Name \_\_\_\_\_ Email Address (optional) \_\_\_\_\_  
 Last \_\_\_\_\_ First \_\_\_\_\_ MI \_\_\_\_\_ Phone Number (\_\_\_\_) \_\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_

Your Mailing Address: \_\_\_\_\_ County Name \_\_\_\_\_  
 Street \_\_\_\_\_ New York Case Identifier \_\_\_\_\_  
 City \_\_\_\_\_ State \_\_\_\_\_ Zip Code \_\_\_\_\_

Social Security Number \_\_\_\_ - \_\_\_\_ - \_\_\_\_\_ Date of Birth (MM/DD/YYYY) \_\_\_\_ / \_\_\_\_ / \_\_\_\_ (Month-Day-Four Digit Year)

Account Number \_\_\_\_\_ Routing Transit Number \_\_\_\_\_

I certify that I am entitled to child support and/or spousal support payments for the above child support account. I authorize the Support Collection Unit to send my child support and/or spousal support payments to the financial institution named below to be deposited in the account indicated by the financial institution. This authorization will remain in force until the Support Collection Unit receives a written notification from me of termination. The Support Collection Unit shall have a reasonable time to process the termination.

Signature \_\_\_\_\_ Date \_\_\_\_ / \_\_\_\_ / \_\_\_\_

## B. Required Information to be Completed by the Financial Institution

Please take this form to your bank or credit union for the following information and their signature:

Bank Information: Name of Financial Institution (bank or credit union): \_\_\_\_\_

Address \_\_\_\_\_ City \_\_\_\_\_ State \_\_\_\_\_ Zip \_\_\_\_\_

Account Information: \_\_\_\_ Checking \_\_\_\_ Savings (This **CANNOT** be a Trust Account to benefit another or a Foreign Financial Institution Account)

Account Number \_\_\_\_\_ Routing Transit Number \_\_\_\_\_

As representative of the above named Financial Institution I certify this financial Institution is ACH capable and agrees to receive and deposit the child support payments to the account shown above.

Representative Signature \_\_\_\_\_ Representative Printed Name \_\_\_\_\_ Date \_\_\_\_\_